

Kijan fanmi m ak mwen kapab prepare Jwenn yon avoka ki gen eksperyans! nan ka yon ICE fè yon arestasyon?

- Asire ou ke tout enfòmasyon kontak dijans ou yo ajoutel nan lekòl timoun ou yo ak nan biwo doktè a, mete ladann ki moun ki gen dwa ak ki pa gen dwa pase pran timoun ou yo
 - Asire ou ke timoun ou yo konnen kiyès ki kapab oswa pa kapab pase pran yo lekòl epi kiyès ki pral sousye de yo
 - Si ou gen yon òdonans restriktiv de yon moun, asire ou ke ou bay lekòl la yon kopi
 - Ekri enstriksyon yo si timoun ou an gen nenpòt kondisyon medikal ak/oswa ap pran nenpòt medikaman epi bay yon kopi a lekòl pitit ou a e granmoun ou deziyen an



- Rankontre avèk avoka ou pou kapab deziyen ak bay moun ou kwè nan li avèk reprezantan legal ou a sipò dokiman pou ka pran desizyon finansye, jiridik oswa sou gad timoun ou an nan ka ou pandanw pa la
- Asire ou ke tout timoun ou yo gen paspò
 - Ou kapab jwenn sa yo nan biwo yon konsila
- Pale ak yon zanmi oswa manm fanmi ou ki gen yon kondisyon legal nan Etazini sou kijan pou gen aksè ak lajan pou peye lagew baw libète sou kosyon
 - Libète sou kosyon an vle di ke yon jij pral etabli yon kantite lajan pou peye pou kapab libere jiskaske ou gen pou parèt nan tribinal
 - Ekonomize lajan nan ka ou jwenn libète sou kosyon. Libète sou kosyon an varye jeneralman ant \$7,000 - \$15,000
- Ou gendwa kapab sèlman fè yon sel apèl telefòn pandan ou nan prizon an – men memorize **tout** nimewo telefòn enpòtan yo
 - Lè ou fè apèl telefòn ou a, asire w ou di moun nan:
 - Nan ki prizon ou ye
 - # ID ou
 - # A ou
 - Dat ou fèt
 - Epi mande yo pou rele avoka ou a
 - Manm fanmi an kapab itilize lokalizé ICE pou prizonnye:
<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>

EVITE tronp!

- Si ou bezwen yon konsèy jiridik sou zafè imigrasyon, asire ou ke moun kap ede ou, ou byen moun sa a gen otorizasyon pou li bay konsèy jiridik.
- Sèlman yon avoka oswa yon reprezantan kap travay ak yon antite ke Komisyon Dapèl Imigrasyon an rekonèt ki kapab ba w konsèy jiridik.
- **Dèske ou se yon “notario público” pa otorize yon moun pou ba w konsèy jiridik**
- Si ou gen yon istwa kriminel, asire ou ke avoka ou a gen konesans espesyalize ak eksperyans nan konsekans imigrasyon pou zafè krim
- Gen anpil fo enfòmasyon nan kominote a; pa konte sou rimè oswa fo pwomès

Konsiltasyon imigrasyon gratis avèk yon avoka

Pou yon ka azil oswa pou mande pou yon prizonye, rele PAIR nan 617-742-9296

Pou lòt kesyon:

Boston Mayor's Office, 1 City Hall Plaza,
12:00pm-2:00pm chak 1ye ak 3yèm mèkredi nan mwa a, (617)635-2980

Irish International Immigrant Center, Rele
(617)542-7654 pou ka konnen si gen yon klinik toupre w la



Konnen Dwa ou!

Si imigrasyon oswa lapolis kanpe ou:

- Bay ofisyè a kat sa epi rete an silans
- Kat la eksplike ke ou egzèsè dwa ou pou refize reponn nenpòt kesyon jiskaske ou pale ak yon avoka

To: Immigration or Other Officer

Right now I am choosing to exercise my legal rights.

- I will remain **silent**, and I refuse to answer your questions
- If I am detained, I have the right to contact an attorney **immediately**
- I refuse to sign anything without advice from an attorney

Thank you



98 North Washington
Street, Suite 106 Boston
MA 02114



(p)(617)742-9296
(f) (617)742-9385

Konnen Dwa Ou

Dwa ou- Lakay ou

Ou gen dwa pou:

- Pa louvri pòt la
- Rete an silans epi pa reponn okenn kesyon
- Glise kat “Konnen Dwa ou yo” anba pòt la
- Mande pou wè manda yon tribinal nan glise li anba pòt la oswa montre li nan yon fenèt
- **Asire ou ke se yon JIJ ki siyen manda a**
- Ou kapab refize kite ICE rantre nan kay ou san yon manda ke pa siyen pa yon jij
- Rele yon zanmi fanmi an ki se sitwayen Ameriken pou kapab fè yo konnen sa kap pase a
- Rele yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans



Kijan pou prepare ou si ICE arete w

- Ou gen dwa pou *pa* bay okenn enfòmasyon a ajan ICE a espesyalman sou ki peyi ou soti a
- Si ou gen nenpòt fanmi ki pa gen papyè, konseye yo pou *pa* vin ba w vizit
- Rele yon avoka imigrasyon e si ou gen nenpòt kazye kriminel asire ou ke ou pale ak yon avoka ki gen ekspètiz nan dosye kriminel

Dwa ou- Deyò lakay ou

Nan yon machin, nan lari, nan yon espas piblik, nan travay, ou gen dwa pou:

- Rete an silans. Sa vle di ou gen dwa pou pa reponn okenn kesyon
 - Pa bay manti. Li pi bon pou pa di anyen olye ou bay manti
- Mande si ou an arestasyon oswa si ou lib pou ale. Si ou lib pou ale, **mande pou ale**
- Yon avoka. **Mande pou rele avoka ou**
- Ou kapab refize bay anprint ou

Rete kalm. Pa kouri oswa reziste ak arestasyon an. Kite men ou kote ofisye a kapab wè yo.

Rete an silans pa vle di yo pap arete w, men se dwa ou pou pa bay ICE a okenn enfòmasyon ki kapab vin itilize kont ou.

- ICE bezwen enfòmasyon sou kibò ou soti pou kapab plase ou nan tribinal imigrasyon.
- Paspò ou se yon evidans ki sifi pou ICE pwouve kiyès ou ye ak kote ou soti. **Si ou pa gen kondisyon imigrasyon, panse a kote ou sere nenpòt dokiman ki ka idantifye tankou paspò, lisans chofè, kat idantifikasyon nasyonal, etc.**

Si ou gen yon Dat pou Tribinal nan Tribinal Imigrasyon: ALE NAN TRIBINAL LA

- Si ou pa ale nan yon kalanriye odyanspo, yo pral òdone ou pou depòtasyon epi yap soti yon manda pou arete ou. Ou pap kalifye pou libète sou kosyon
- Konsidere òdone pou depòte se yon bagay kap toujou lye ak ou, menm si dat randevou tribinal ou a te gen 10 lane pase
- Si ou pa gen yon avoka nan premye odyans ou nan tribinal la ou gendwa mande plis tan pou ka jwenn youn
- Nan tribinal imigrasyon, ou gen **dwa pou gen yon avoka ki pou reprezante w** men ou dwe jwenn pwòp avokak w e avoka sa yo **pa janm gratis**. Mande sèvis jiridik la lis avoka ki gratis oswa ki pa chè yo

**Kenbe tout nimewo telefòn enpòtan
yo nan tèt ou**